



Jou mwen kite lakay mwen pou'm ale lavil

- ✎ Lesley Koyi, Ursula Nafula
- 👤 Brian Wambi
- 💬 ACE Haiti-University of Notre Dame USA
- 📊 3
- 💬 krèyol ayisyen ht



Ti estasyon otobis la nan kominote kote'm rete a chaje ak moun ak otobis. Atè a te chaje ak bagay pou mete nan otobis yo. Machann tikè yo tap rele non kote otobis yo ta prale.



“Lavil! Lavil! Direksyon lwès! Yonn nan machann yo di non kote mwen ta prale a.



Otobis lavil la te prèske plen, men moun tap pouse toujou pou yo monte. Kèk nan yo mete sak yo anba otobis la, lòt te mete pa yo sou etajè anndan otobis la.



Nouvo pasaje yo kenbe tikè yo di nan men yo pandan yap chache kote pou yo chita nan otobis la. Fanm ak jèn timoun tap ranje kò yo pou vwayaj long sa a.



Mwen chita bò kote yon fenèt. Yon granmoun te chita akote'm. Li tap kenbe yon sak plastik vèt byen fèmèn. Li te gen vye sapat nan pye'l ak yon manto chire. Li te gen yon jan eksite.



Mwen gade deyò enpi se lè sa mwen santi ke mwen tap kite kominote mwen an, kote'm te grandi. Mwen ta pral lavil.



Otobis lan te fin plen. Tout pasaje yo te chita. Machann lari tap eseye pase nan koulwa a pou yo vann dènnye machandiz yo. Chak moun tap rele non machandiz pa yo. Pou mwen tout mo sa yo te komik.



Kèk pasaje tap achte bwason oswa ti manje. Men, moun ki pa te gen lajan, tankou mwen, rete gade.



Tout aktivite kanpe lè otobis la kòmanse klaksonen, sa vle di ke nou pare pou'n ale. Machann tikè yo mande machann lari yo sòti nan otobis la.



Machann yo tap batay pou yo sòti. Kèk nan yo tap remèt klyan lajan alòs ke lòt tap fè dènye tantativ pou yo vann ankò.



Lè otobis la kite estasyon an, mwen gade deyò epi mwen mande tèt mwen si'm tap janm tounen lakay mwen ankò.



Li te kòmanse fè cho nan otobis la. Mwen fèmen
je'm pou'm eseye dòmi.



Men, lespri'm toujou tounen sou lakay mwen. Èske manman'm an sekirite? Èske lapen mwen yo ap bay lajan? Èske frè'm ap sonje wouze ti pyebwa mwen te plante yo?



Sou wout la, mwen tap sonje adrès kote tonton'm nan rete lavil. Mwen tap repete non an nan tèt mwen epi mwen tonbe dòmi.



Nèf èdtan apre, mwen leve lè mwen tande yon moun ap rele non pasaje yo. Mwen ranmase ti sak mwen epi'm desann otobis la.




Otobis retou a te plen deja. Li te pare pou'l tounen nan direksyon lès. Sa ki te pi enpòtan pou mwen lè sa a se te kòmanse chache lakay kote tonton'm nan rete.



Global Storybooks

globalstorybooks.net

Jou mwen kite lakay mwen pou'm ale lavil

 Lesley Koyi, Ursula Nafula

 Brian Wambi

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

